



Preparasyon pou Ijans nan Pwogram Swen/Gadri pou Timoun yo

Nimewo Politik: FO-26-01

Dat Piblikasyon: 21 Dawout, 2026

Dat Aplikasyon: 1ye Septanm, 2026

Aplikabilite: Pwogram Gadri ki Gen Lisans epi ki Resevwa Finansman

ENFÒMASYON DEBAZ

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri Timoun nan Massachusetts (EEC) pran angajman pou sipòte pwogram gadri yo lè yo fè fas ak ijans ki pa prevwa. Ijans sa yo enkli ladan tou de (2) dezaz natirèl ak/oswa sitiyaasyon moun fè, tankou prezans oswa demann ajans aplikasyon lalwa sivil, ki ka rive nenpòt kote ak nenpòt ki lè, san avètisman. Egzijans planifikasyon ijans ki detaye nan politik sa a ede pwogram gadri yo prepare davans pou kenbe timoun yo ak pèsònèl la an sekirite otank posib pandan kriz oswa sitiyaasyon konsa.

OTORITE

- M.G.L. c. 15D § 23 (jan lwa (Stat) modifiye l la. Stat. 2026, c. 163, § 3)
- M.G.L. c. 6 §§ 224, 226
- 606 CMR 7.11(7): Preparasyon pou Ijans
- 606 CMR 7.04(4): Egzijans Konsènan Dosye a
- 606 CMR 7.11(6): Itilizasyon Enstalasyon Deyò Sant la

DEFINISYON

Pou objektif politik sa a, yo itilize definisyon sa yo::

- Arèstasyon sivil: Lè yo arete yon moun, men se pa pou akize l nan lajistis pou yon krim li ta fè kont yon lwa nan yon eta oswa oswa lwa kriminèl federal. Gen plizyè

rezon ki fè yo ka fè yon arèstasyon sivil, tankou: (1) yon manda pou moun ki libere anba kondisyon (paròl) dapre lwa G.L. c. 127, § 149A, oswa yon manda pwobasyon dapre G.L. c. 279, § 3; (2) lwa ki otorize pou mete moun ki sou oswa ki gen dezabilite/twoub nan yon kote pou pwoteje yo, dapre G.L. c. 111B § 8, oubyen (3) yon manda administratif yon ajans federal tankou Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) bay pou moun ki vyole Lwa Federal sou Imigrasyon ak Nasyonalite a, oswa lòt aksyon ki sanble nan domèn imigrasyon sivil.

- Aksyon pou fè lwa sivil respekte: Sa vle di fè rechèch, fè aplikasyon, oswa bay koutmen nan zafè ki gen rapò ak lwa sivil, tankou lwa federal sou imigrasyon. Pou esplike sa pi byen, sa gen pou wè souvan ak mete yon moun an detansyon pou pwoteje l, aplike desizyon lajistis nan zafè sivil, oswa fè lwa sou imigrasyon respekte. Sa diferan ak lwa kriminel, kote lapolis ap chèche moun ki fè krim (tankou vòl ak kout pwen). Nou dwe konnen tou yon ajan lapolis ka travay nan domèn lwa sivil ansanm ak lwa kriminel.
- Responsab pou Kontakte a: Moun yo chwazi nan pwogram nan ki dwe la pou pale ak lapolis lè yo vin mande enfòmasyon oswa fè zak ki gen rapò ak lwa sivil.
- Manda oswa Lòd nan Lajistis: Se yon papyè ki bay lòd pou mete men sou yon moun, epi se yon jij oswa yon majistra ki travay nan tribinal (nan gouvènman an oswa nan eta a) ki siyen l.
 - Yon manda administratif pou zafè imigrasyon, yon avi pou kenbe yon imigran, yon avi pou parèt devan tribinal, oswa nenpòt lòt dokiman yon ajans imigrasyon ki nan branch egzekitif la sèlman ki bay, yo pa konsidere l kòm yon manda jidisyè oswa yon lòd jidisyè pou rezon politik sa a.
- Responsab pou Jesyon Ijans nan Zòn nan: Se yon anplwaye nan la meri ki konnen tout detay sou danje ki ka genyen nan zòn nan, plan pou ijans, kote pou moun kache (abri), ak tout lòt bagay ki sanble. Moun sa a konn travay nan depatman ponpye, nan lapolis, oswa nan yon lòt sèvis nan la meri.
 - Ajans Ijans Massachusetts la (MEMA -kenbe yon [Lis enfòmasyon kontak](#) kenbe yon lis enfòmasyon pou kontakte biwo lokal sa yo atravè tout eta a.
- Konfinman/Rete Andan: Yon mezi sekirite lè yon danje oswa yon moun danjere antre anndan etablisman an/bildin lan oswa tou pre l. Pa egzanp, si gen yon moun ak zam ki antre oubyen yon gwo vyolans ki fèt toupre. Lè gen konfinman, anplwaye yo ak timoun yo antre nan yon chanm yo fèmen ak kle pou yo pa ka wè yo. Sa yo ki enkli ladan l: fèmen ak blòk pòt yo, etenn limyè, fè tout moun fè silans, epi pa kite okenn moun antre ni soti jiskaske tout bagay vin an sekirite ankò.
- Lokal/Etablisman an: Rezidans prive oswa etablisman EEC (Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri Timoun) ap finanse oswa bay lisans pou edikasyon ak swen/gadri

timoun piti oswa timoun ki nan laj lekòl, sa ki enkli espas deyò ki apwopriye ki lye ak rezidans lan oswa etablisman an. Etablisman/Lokal Founisè EEC yo se espas prive pandan lè pwogram nan ap fonksyone ak pandan evènman founisè a òganize.¹

- **Rete Abrite w:** Yon mezi sekirite yo pran lè gen yon danje deyò, tankou yon move tan ki se yon ijans oswa yon pwoblèm ki kontamine anviwònman an, kote li pi bon pou moun pa mete pye yo deyò. Sa ki enkli ladan l: fè tout moun antre anndan imedyatman, mete timoun yo nan plas ki pi an sekirite anndan an, fèmen bilding lan byen fèm, epi swiv regleman sou komunikasyon ijans jiskaske laperèz pase pou yo ka reprann aktivite nòmal yo.

DEKLARASYON SOU POLITIK LA

Kontni Plan Preparasyon pou Ijans

Dapre regilasyon 606 CMR 7.11(7)(f), pwogram gadri yo dwe kreye epi kenbe yon plan preparasyon pou ijans. Plan sa a dwe adrese chak nan sijè sa yo:

1. **Kominikasyon ak Otorite yo (An Jeneral):** Dekri ki jan, kilè, ak ki moun ki pral kontakte depatman ponpye a ak/oswa lòt otorite gouvènman apwopriye pou kominike enfòmasyon sou ijans. Tanpri mete yon lis otorite sa yo ak enfòmasyon pou kontakte yo (non, kalite òganizasyon, nimewo telefòn). Mete nimewo telefòn inik depatman ponpye ak lapolis lokal ou a yon fason pou ou ka rele yo dirèk, olye pou yo pase atravè 9-1-1.
2. **Kominikasyon ak Reyinifikasyon Fanmi yo:** Eksplike ki jan pwogram nan pral kominike avèk fanmi yo pandan yon ijans, sa ki enkli:
 - Plan pwogram nan pou avèti fanmi yo sou ijans lan, sa ki enkli fason y ap kominike a (metòd yo itilize) ak moun ki responsab pou kontakte yo;
 - Plan pwogram nan pou verifye si granmoun k ap vin pran timoun nan sou lis moun ki otorize pou sa a; epi
 - Pwosedi yo pou lè yon paran oswa yon moun k ap pran swen timoun nan pa kapab vin chèche l pandan ijans lan ak/oswa pa reponn efò pwogram nan ap fè pou kontakte yo.

¹ Founisè EEC k ap dirije pwogram nan rezidans prive yo ta dwe konsilte the [Massachusetts Attorney General Guidance: KNOW YOUR RIGHTS: ICE Enforcement An Updated Guide for Immigrants, Families, and Communities](#) pou konprann dwa yo nan kontèks aplikasyon lwa sou imigrasyon federal pandan lè travay yo fini.

3. Kouran, Echofaj, ak Dlo: Dekri ki jan pwogram nan pral jere yon pèt san atann nan kouran, chofaj, ak/oswa dlo. Tanpri mete enfòmasyon pou kontakte yo (non, kalite òganizasyon, nimewo telefòn) pou:
 - Konpayi sèvis piblik (tankou kouran, dlo, ak gaz) k ap sèvi bilding ou an (yo);
 - Teknisyen chofaj/HVAC (chofaj, vantilasyon ak èkondisyone), elèktrisyen, ak plonbye ki fè sèvis pou bilding ou an (yo); epi
 - Nenpòt lòt kontak ki enpòtan.
4. Timoun Ki Pèdi: Dekri pwosedi pwogram nan pou reyaji devan yon timoun ki pèdi. Plan an dwe espesifik pou sit (yo) pwogram nan epi pran an konsiderasyon si sit la louvri pou piblik la. Tanpri mete bagay sa yo ladan l:
 - Etap anplwaye yo pral swiv si yon timoun pèdi;
 - Anplwaye ki responsab pou chache timoun ki pèdi a ak ki zòn y ap kòmanse chache an premye;
 - Kilè pwogram nan pral avèti otorite deyò yo;
 - Ki lòt moun oswa gwoup pwogram nan pral avèti;
 - Enpak pwosedi timoun ki pèdi sa yo pral genyen sou woutin regilye ak aktivite pwogram nan epi ki jan yo pral adrese sa a; epi
 - Pwosedi pwogram nan pou yon timoun ki pèdi pandan yon aktivite andeyò sit la, tankou yon vizit.
5. Abri w an Sekirite: Eksplike ki jan ak ki kote anplwaye yo ak timoun yo pral pran abri nan mitan pwogram nan pandan moman tankou yon sitiyoasyon metewolojik difisil. Plan an dwe adrese eleman sa yo:
 - Kijan pwogram nan ap fè jwenn enfòmasyon nan men otorite lokal yo pou deside si l dwe mete tout moun an abri an plas;
 - Kijan edikatè yo ap kontwòle prezans timoun yo;
 - Kijan edikatè yo ap kenbe timoun yo an sekirite epi alèz pandan yo nan abri an plas la, tout pandan y ap pran an konsiderasyon si gen pwovizyon ijans tankou manje, dlo, dra, flach, kouchèt, lèt pou tibebe, rad, ak lòt nesesite ki disponib sou plas la;
 - Kijan edikatè yo ap kenbe timoun yo enterese ak okipe pandan ijans lan; epi
 - Moun ki responsab pou koupe elektrisite, gaz, ak sèvis dlo a, si sa nesesè.
6. Konfinman: Pwogram nan dwe etabli yon seri pwosedi konfinman ki fèt pou kenbe timoun yo ak anplwaye yo an sekirite nan ka ta gen yon menas potansyèl

ki soti nan yon entri e anndan oswa toupre pwogram nan. Plan karantenn nan dwe adrese:

- Kijan pwogram nan ap detèmine si l dwe mete an konfinman ak moun ki responsab pou pran desizyon sa a;
- Pwosedir karantenn pwogram nan;
- Pwosedir pou notifiye edikatè yo konsènan yon konfinman, ki enkli ladan ki moun ki responsab pou notifiye edikatè yo ak mwayen komunikasyon yo itilize yo;
- Pwosedir pou notifiye otorite lokal yo, paran yo, ak gadyen timoun yo konsènan konfinman/karantenn nan;
- Moun (yo) ki responsab pou fèmen pòt yo epi rasanble timoun yo; ak
- Pwosedir pou kontwole prezans pandan ak apre konfinman an.

7. Evakyasyon: Dekri ki jan pwogram nan pral deplase tout timoun yo an sekirite, tankou timoun ki gen dezabilite/twoub ak tibebe, soti nan kay la oswa nan bilding nan pandan yon ijans. Tanpri mete enfòmasyon sa yo ladan l:
- Wout evakyasyon ki soti nan chak etaj / espas ki apwouve pou gadri timoun nan;
 - Plan pwogram nan pou kontwole prezans, epi asire w ke okenn timoun pa rete nan bilding nan apre evakyasyon an;
 - Plan pwogram nan pou asire yo gen lis moun ki apwouve pou vin pran chak timoun;
 - Plan pwogram nan pou asire yo pral pote avèk yo, jan lwa 606 CMR 7.11(5)(d) mande l la: yon twous premye swen; enfòmasyon aktyèl sou kontak fanmi chak timoun; enfòmasyon sou alèji ak kondisyon medikal li te konnen; nenpòt medikaman ijans oswa pou sove lavi, tankou ponp pou azma/opresyon ak enjektè otomatik epinèfrin, pou nenpòt timoun ki gen preskripsyon pou sa; ak otorizasyon pou swen ijans pou chak timoun.
 - Si pwogram nan itilize kabann ti bebe (krèch) pou evakyasyon, yon deskripsyon kabann yo, ki konfime yo an sekirite, fasil pou deplase, epi ki ka pase nan pòt sòti yo, jan sa nesesè dapre 606 CMR 7.11(7)(i);
 - Yon deskripsyon sou fason pwogram nan pral evakyasyon timoun ki gen dezabilite, sa ki enkli ladan l plan swen sante endividyèl chak timoun, medikaman, ak ekipman; epi
 - Jan sa nesesè dapre 606 CMR 7.11(7)(f), plan pwogram nan pou kontakte depatman ponpye oswa lòt otorite deyò apre yo fin evakyasyon bilding nan.

Gade egzijans adisyonèl pou pwogram Gadri Fanmi (Family Child Care - FCC) ki dekri nan règleman [Règleman sou Sòti ak Evakyasyon EEC nan Pwogram Swen Timoun Lakay/Familyal](#)

8. Relokalizasyon: Pwogram nan dwe idantifye de(2) kote li ka bay sèvis gadri tanporè pandan yon ijans jiskaske paran yo ak timoun yo ka rekonèt. Yon kote dwe nan yon distans mache ak pwogram nan, epi lòt kote a dwe andeyò katye pwogram nan nan ka ta gen yon ijans toupatou. Tanpri bay enfòmasyon sa yo:
- Adrès de (2) kote reyinyon yo deziyen yo, plis nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan sou sit yo;
 - Plan pwogram nan pou transpòte timoun yo, ki enkli timoun sa ki gen dezabilite/twoub, tibebe, ak anplwaye yo nan chak sit;
 - Plan pwogram nan pou kontwòl prezans pandan pwosesis relokasyon an;
 - Plan pwogram nan pou asire yo gen lis moun ki apwouve pou vin chache chak timoun; ak
 - Plan pwogram nan pou asire yo pral pote avèk yo, jan lwa 606 CMR 7.11(5)(d) mande l la: yon twous premye swen; enfòmasyon aktyèl sou kontak fanmi chak timoun; enfòmasyon sou alèji ak kondisyon medikal yo konnen; nenpòt medikaman ijans oswa pou sove lavi, tankou ponp pou azma/opresyon ak enjektè otomatik epinèfrin, pou nenpòt timoun ki gen preskripsyon pou sa; ak otorizasyon pou swen ijans pou chak timoun.

Gade egzijans adisyonèl pou Pwogram Gwoup ak Laj Lekòl (Group and School Age Programs) ki dekri nan [Politik EEC sou Relokasyon Tanporè/Ijans](#). EEC rekòmande pou pwogram yo mande konsèy nan men Direktè Jesyon Ijans Lokal yo lè y ap chwazi lokal relokasyon yo.

9. Kontinwite Imedye Operasyon: Detaye kòman anplwaye pwogram nan ap kontinye bay sèvis gadri si yo pa ka itilize bilding pwogram nan.
10. Fòmasyon Pèsonèl ak Egzèsis Pratik: Bay plan pwogram nan pou fòmasyon pèsonèl li sou plan preparasyon pou ijans lan. Anplis de sa, detaye pwosedi pwogram nan pou fè egzèsis pratik. Mete enfòmasyon sou fason pwogram nan ap pran prezans pandan yon egzèsis epi kenbe yon jounal konsènan egzèsis pratik yo.
11. Entèraksyon ak Ofisye Lapolis Dwa Sivil: Dekri plan pou kominike ak ofisye lapolis sivil yo, ki enkli ofisye imigrasyon federal yo. Gade Apendis A: Modèl Règleman sou Entèraksyon ak Lapolis Dwa Sivil.

Daprè M.G.L. c. 15D, § 23 (jan sa te amande pa Stat. 2026, c. 163, § 3), malgre egzijans lwa eta oswa lwa federal oswa jan l nesesè pou Commonwealth la konsènan administrasyon yon pwogram ki sipòte oswa finanse pa eta a oswa federal la, ofisye lapolis k ap fè aplikasyon lwa sivil pa gen dwa fè aparaman sou lokal pwogram ki gen lisans oswa ki finanse pa EEC pandan lè travay oswa evènman sponsorize pa founisè a, sof si ofisye yo gen yon manda jidisyè oswa yon lòd jidisyè.

Plan dwe:

- Chwazi yon moun ki pral responsab pou pale ak lapolis, epi mete tout detay sou fason pou fè l konnen lè lapolis ki la pou zafè sivil rive oswa mande enfòmasyon. Moun sa a dwe sou plas la nan lekòl la, epi se li ki dwe toujou reponn lapolis an premye lè yo prezante yo oswa lè yo vle konnen yon bagay. Ou ka met plizyè moun ki pou fè travay sa a nan moman diferan pandan jounen an, oswa menm chwazi yon lòt moun ki pou ranplase l si l pa la.
- Mete pwosedi pou pwogram nan swiv lè y ap reponn demann ki gen rapò ak aplikasyon lwa sivil.
- Mete pwosedi pou dokimante tout entèraksyon ak ofisye lapolis k ap fè aplikasyon lwa sivil yo. Sa ki enkli lè:
 - Yon ofisye lapolis k ap fè aplikasyon lwa sivil rive nan pwogram nan;
 - Yon ofisye mande aksè ak yon timoun, yon manm fanmi, yon anplwaye, oswa nenpòt lòt moun ki gen rapò ak pwogram nan;
 - Yon ofisye mande dosye oswa enfòmasyon sou pwogram nan, yon timoun, yon manm fanmi, yon anplwaye, oswa lòt moun;
 - Pwogram nan resevwa yon manda jidisyè, yon manda kòmandman, yon lòd tribinal oswa yon lòd jidisyè, yon manda administratif, yon avi detansyon, oswa yon dokiman legal ki sanble ki gen rapò ak aplikasyon lwa sivil; oswa
 - Anplwaye yo vin konnen nenpòt lòt aktivite lapolis k ap fè aplikasyon lwa sivil ki gen rapò ak pwogram nan, tankou prezans ofisye sa yo nan anviwonman pwogram nan.

Pwogram yo dwe asire ke anplwaye yo ak travayè yo konnen pwosedi yo ak fason pou kontakte moun kontak ki deziyen an.

Fòmasyon sou Plan Preparasyon pou Ijans

Pwogram gadri yo dwe fòme anplwaye yo sou plan preparasyon pou ijans yo soumèt bay EEC a. Pwogram yo dwe fòme tout nouvo manm pèsonèl anvan yo kòmanse travay ak timoun yo epi refòme tout anplwaye yo omwen yon fwa pa ane.

Pwogram gadri yo dwe anrejistre tout dat fòmasyon anplwaye yo epi bay anplwaye EEC yo jounal la lè yo mande l.

Nan pwogram Gadri Familyal (Family Child Care) kote edikatè a ap travay pou kont li san asistan, edikatè a dwe revize plan ijans li omwen yon fwa pa ane, detèmine si gen chanjman ki nesèsè, epi konfime revizyon sa a vèbalman ak enspektè EEC a pandan vizit pou lisans lan.

EEC, an konsiltasyon ak Biwo Refije ak Imigrasyon Masachousèt ak Biwo Pwokirè Jeneral Masachousèt, dwe prepare epi pibliye modèl fòmasyon pou entèraksyon ak ofisye lapolis k ap fè aplikasyon lwa sivil.

Egzèsis preparasyon yo

Daprè règ 606 CMR 7.11(7)(h), pwogram yo dwe fè egzèsis evakyasyon ak tout gwoup timoun ansanm ak edikatè ki soti nan chak nivo etaj nan espas gadri ki apwouve a omwen yon fwa pa mwa. Yo dwe fè egzèsis evakyasyon sa yo nan diferan moman nan jounen an epi sèvi ak lòt sòti altènatif.

Pwogram yo dwe sèvi ak rejis prezans jou sa a pou verifye prezans timoun yo ak anplwaye yo pandan yon egzèsis evakyasyon, lè yo rasanble nan yon espas ki an sekirite apre evakyasyon an, epi lè y ap tounen nan pwogram nan.

Daprè 606 CMR 7.04(4), pwogram yo dwe dokimante tout egzèsis evakyasyon yo, sa ki gen ladan dat la, lè a, wout sòti yo te itilize a, kantite timoun yo evakyasyon an te konsène, ak jan egzèsis la te mache (pa egzanp, konbyen tan sa te pran pou evakye tout timoun yo, tout leson yo te aprann pou amelyore pwochen egzèsis yo, etc.). Pwogram nan dwe sere rejis sa a nan yon kote ki an sekirite epi ba li bay anplwaye EEC yo lè yo mande l.

EEC ankouraje pwogram yo tou pou yo fè egzèsis pou yo abrite yo ak egzèsis karantenn/konfinman. Epi tou, EEC rekòmande pou pwogram yo enfòme paran yo/titè yo anvan yo fè nenpòt egzèsis pratik ak timoun yo.

Afichaj ak avètisman

Tout pwogram yo dwe:

- Afiche plan preparasyon pou ijans lan yon fwa yo ka wè l byen klè akote lisans gadri EEC pwogram nan;
- Bay tout anplwaye yo yon kopi plan preparasyon pou ijans lan; epi
- Pataje plan preparasyon pou ijans lan ak paran/tomatè yo anvan yo enskri timoun nan.

Pwogram yo dwe avèti tout anplwaye yo ak paran/gadyen timoun yo tou sou tout chanjman yo prevwa fè nan plan preparasyon pou ijans yo omwen de semèn anvan yo soumèt plan ki mete ajou a bay EEC.

Soumèt bay EEC

Pwogram yo dwe soumèt yon plan preparasyon pou ijans ki ajou bay EEC anvan 1ye Septanm 2026, epi:

- Anvan ou jwenn premye lisans lan;
- Lè y ap renouwe lisans lan; epi
- Anvan nenpòt gwo chanjman nan estrikti pwopriyete a oswa bilding kote pwogram nan ap fonksyone a, sa ki gen ladan, men ki pa limite a, anplasman an oswa plas kote li ye a.

Daprè règ 606 CMR 7.11(7)(g), pwogram yo dwe kenbe plan preparasyon pou ijans yo ajou epi asire l reponn ak bezwen tout timoun ki anba swen yo, sa ki gen ladan tibebe, timoun piti, ak nenpòt timoun ki ka bezwen asistans anplis pandan yon evakyasyon.

Pwogram yo pral soumèt plan preparasyon pou ijans yo ak mizajou yo atravè LEAD, pòtal sou entènèt EEC a pou tout fonksyon lisansye yo.

DIREKTIV/GID YO SIJERE

Pwogram yo rekòmande pou konsilte epi kowòdone ak Direktè Jesyon Ijans Lokal yo lè y ap kreye plan ijans yo anrapò ak dezas natirèl oswa dezas moun fè. Ou ka jwenn

enfòmasyon pou kontakte yo sou [paj wèb](#) gouvènman minisipal pwogram nan (vil oswa ti vil) oswa Ajans Jesyon Ijans Massachusetts (MEMA)

Pwogram yo ka konsilte epi kowòdone ak [Biwo Refijye ak Imigrasyon Massachusetts \(MORI\)](#) ansanm ak [Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts \(AGO\)](#) lè y ap prepare plan ijans yo pou entèraksyon ak ofisye lapolis k ap fè aplikasyon lwa sivil.

Epitou, pwogram yo ka gade fòmasyon [EEC Essentials 2.0 sou Repons Ijans ak Prevansyon Timoun ki Pèdi](#) kòm referans lè y ap etabli plan ijans yo.

KONFÒMITE

Anplwaye EEC a ka mezire konfòmite nan revize dokiman pwogram gadri sa yo:

- Plan preparasyon pou ijans lan;
- Rejis egzèsis pratik yo;
- Rejis fòmasyon sou preparasyon pou ijans lan; epi
- Konfimasyon ke yon politik an plas an akò avèk Lwa PROTECT la (PROTECT Act).

ENFÒMASYON SIPLIMANTÈ

Pou lòt enfòmasyon sou fason pou kreye plan ijans, oswa pou w jwenn egzanp plan konsa, tanpri gade:

- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi: [Timoun nan Dezas: Pwofesè ak Pwogram Swen ak Edikasyon Bonè \(2023\)](#)
- Child Care Aware: (← Pwogram Sansibilize Gadri)
 - [Jounal Egzèsis Ijans Pwogram Swen Timoun](#)
 - [Preparasyon pou Evakye oswa Rete Abri](#)
- Ajans Jesyon Ijans Massachusetts - MEMA):
 - [Jwenn Direktè Jesyon Ijans lokal ou a \(EMD\)](#)
 - [Plan ak Gid Planifikasyon](#)
- Biwo Preparasyon ak Jesyon Ijans Massachusetts: [Materyèl pou preparasyon an ijans](#)
 - [Zouti pou Planifikasyon Ijans](#)
 - [Lis Verifikasyon pou ekipman ijans](#)
- Administrasyon pou Timoun ak Fanmi Etazini (U.S. ACF):
 - [Resous pou Swen Timoun nan Ka Dezas ak Ijans \(2021\)](#)
 - [Gid Resous: Resous pou Preparasyon, Repons, ak Rekipasyon nan ka Ijans pou Pwogram Swen/Gadri Timoun](#)

- Ajans Federal pou Jesyon Ijans Etazini (U.S. FEMA): [Planifikasyon pou Jèn ak Ijans \(2025\)](#)
- Biwo Sèvis Ijans pou Sante ak Sèvis Moun Etazini (U.S. OHSEPR): [Resous ki gen rapò ak dezaz pou edikasyon timoun piti \(2024\)](#)

Pou lòt enfòmasyon sou fason pou kreye plan ki gen rapò ak entèraksyon ak ajan fòs an lòd k ap fè aplikasyon lwa sivil, tanpri gade:

- [Massachusetts PROTECT Act](#), (← Lwa PROTECT Massachusetts la) Stat. 2026, c. 163, § 3.
- M.G.L. c. 15D, § 23 (jan Lwa PROTECT la te modifye l)
- M.G.L. c. 6, §§ 224, 226
- 606 CMR 3.00, 606 CMR 7.00, 606 CMR 15.00, ak 102 CMR 1.00
- Biwo Avoka Jeneral Massachusetts (AGO): [Gid Avoka Jeneral la: Enfòmasyon Jeneral pou Founisè Sèvis Massachusetts yo Konsènan Egzekisyon Lwa Imigrasyon](#)
- Biwo Gouvènè Massachusetts, Biwo Egzekitif Edikasyon, ak EEC: Gid (Out 2026) 2026): [Gid pou Founisè Swen Timoun ak Founisè Rezidansyèl sou Fason pou Yo Entèaji ak Lapolis Sivil](#)
- Biwo Avoka Jeneral Massachusetts (AGO): [Pou Founisè Sèvis Massachusetts yo: Enfòmasyon Jeneral sou Egzekisyon Lwa Imigrasyon](#)
- Biwo Avoka Jeneral Massachusetts (AGO): [Gid pou Pwogram Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti \(EEC\) sou Obligasyon yo pou Pwoteje Enfòmasyon sou Timoun, Fanmi, ak Anplwaye](#)
- [Biwo Gouvènè a ak Biwo Avoka Jeneral Massachusetts \(AGO\): Resous pou Imigran nan Massachusetts](#)

PA SÈVI ANKÒ /EKSPIRE

- [Politik EEC](#): Plan Kontinjans pou Ijans (2014)
 - [Politik EEC](#): Plan Kontinjans pou Ijans pou Pwogram ki Finanse (2019)
 - [Politik EEC](#): Preparasyon pou Ijans nan Pwogram Swen Timoun (Mas 2026)
1. Biwo Egzekitif Edikasyon: [Gid \(Me 2026\): Rekòmandasyon pou Antite k ap Bay Sèvis Edikasyon ak Gadri pou Timoun Piti sou Fason pou Entèaji ak Ofisye Imigrasyon Federal yo](#)

Anèks A: Modèl Règleman sou Entèraksyon ak Fòs Lòd Sivil

Non Pwogram lan : _____
Adrès Pwogram lan : _____
Nimewo Telefòn Pwogram lan: _____
Imèl : _____

Politik jeneral

Pwogram nan, ki enkli ladan l anplwaye, edikatè, administratè, estajyè, volontè, ak lòt moun k ap aji sou non yon pwogram, pa dwe pèmèt arestasyon pa ofisye fòs an lòd k ap fè aplikasyon lwa sivil nan lokal pwogram nan san yon manda jidisyè valab oswa yon lòd jidisyè, sof si lwa eta a oswa lwa federal egzije sa, oswa jan sa nesèsè pou Commonwealth la oswa nenpòt nan soudivizyon li yo pou jere yon pwogram ki sipòte oswa finanse pa eta a oswa federasyon an.

Pa gen anyen nan politik sa a ki entèdi koperasyon apwopriye ak otorite yo, enkli lapolis, depatman ponpye, sèvis medikal ijans, otorite pwoteksyon timoun, oswa lòt fòs sekirite piblik k ap reponn a yon ijans, k ap pwoteje yon timoun kont abi oswa neglijan, oswa k ap egzèse otorite legal yon fason ki pa gen rapò ak aplikasyon lwa sou imigrasyon sivil.

Pa gen anyen nan politik sa a ki chanje obligasyon pwogram nan pou l respekte lwa eta ak lwa federal oswa politik ak pwosedi EEC yo.

Politik sa a aplike egalman pou tout fòm fòs an lòd epi li dwe konsantre sou kenbe sekirite timoun nan oswa rezidan an.

Chwazi yon Moun pou Kontakte

Pwogram nan dwe idantifye yon moun pou kontakte. Moun yo deziyen pou kontakte a dwe sou plas epi se li ki moun pwogram nan idantifye ki gen responsablite prensipal pou reponn an prezans, oswa mande enfòmasyon nan men, ofisye fòs an lòd k ap fè aplikasyon lwa sivil. Moun yo deziyen pou kontakte a se sèl moun ki pran desizyon konsènan aksè nan lokal la, moun, oswa dosye an rapò ak demann ki soti nan ofisye fòs an lòd k ap fè aplikasyon lwa sivil.

Moun pwogram lan chwazi an:

Non: _____

Tit: _____

Telefòn: _____

Lòt nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____

[OPSYONÈL]

Delege altènatif moun pou kontakte pwogram nan se::

Non: _____

Tit: _____

Telefòn: _____

Lòt nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____

[SI APLIKAB]

Kesyon Legal pou Pwogram nan / Resous Legal:

Konsèy Legal pou Pwogram nan / Resous Legal: _____

Telefòn: _____

Imèl: _____

Avi bay Moun pou Kontakte ki Deziyen an

Nan ka kote yon pwogram nan ta rankontre oswa resevwa yon demann nan men yon ofisye fòs an lòd k ap fè aplike lwa sivil, sa ki gen ladan aplikasyon lwa sou imigrasyon sivil federal, pwogram nan oswa anplwaye yo dwe avèti moun pou kontakte a imedyatman. Sa gen ladan lè:

- Yon ofisye fòs an lòd k ap fè aplikasyon lwa sivil rive nan pwogram nan;
- Yon ofisye mande aksè a yon timoun, yon manm fanmi, yon anplwaye, oswa lòt moun ki afilye ak pwogram nan;
- Yon ofisye mande dosye oswa enfòmasyon konsènan pwogram nan, yon timoun, yon manm fanmi, yon anplwaye, oswa lòt moun;
- Pwogram nan resevwa yon manda jidisyè, yon konvokasyon, yon lòd ki soti nan yon tribinal, yon manda administratif, yon avi detansyon (detainer), oswa yon dokiman legal ki sanble ki gen rapò ak aplikasyon lwa sivil; oswa
- Anplwaye yo vin konnen nenpòt lòt fason sou aktivite aplikasyon lwa sivil ki afekte pwogram nan, sa ki gen ladan prezans fòs an lòd sivil nan anviwonman pwogram nan.

Konpòtman Anplwaye yo Pandan Entèraksyon ak Ofisye Fòs an Lòd k ap Fè Aplikasyon Lwa Sivil

Pandan entèraksyon ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo, anplwaye pwogram nan dwe kontinye sipèvize ak pran swen rezidan yo. Lè sa posib, anplwaye ki pa enplike dirèkteman nan reponn ajan yo dwe rete ak rezidan yo epi kenbe woutin swen abitud yo.

1. Si ajan aplikasyon lalwa sivil yo rive sou plas oswa si yo mande enfòmasyon, anplwaye yo dwe enfòme ajan yo ke y ap kontakte yon administratè pou vin ede yo, epi yo dwe mande ajan yo pou yo tann kote yo ye a (ideyalman deyò oswa nan yon espas ki separe ak rezidan yo)
 - a. Ekzanp deklarasyon ki ka itilize:
 - i. “Mwen pa gen otorizasyon pou m kite w antre nan pwogram nan. Tanpri tann la pandan m ap kontakte yon administratè..”
 - ii. “Mwen pa gen otorizasyon pou m pale de moun espesifik ni pou m pale avèk ou sou rezidan/anplwaye sa a. Mwen pral kontakte yon administratè ki va diskite sa pi plis avèk ou.”; epi
 - iii. “Mwen pa gen otorizasyon pou m diskite/devwale enfòmasyon prive avèk ou.”
2. Anplwaye yo dwe notifye touswit moun ki deziyen kòm kontak nan pwogram nan.

Lè yo fin notifye l, moun ki deziyen kòm kontak la dwe:

1. [SI SA KA APLIKE]: Moun ki deziyen kòm kontak la dwe kontakte avoka pwogram nan anvan li rantre nan anyen ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo epi anvan li egzamine nenpòt dokiman, ki gen ladan l nenpòt manda.
2. Ale nan antre kote ajan aplikasyon lalwa yo ap tann nan.
3. Pale ak ajan aplikasyon lalwa yo epi mande yo pyès idantite yo.
4. Anrejistre non, ajans, ak nimewo matrikil (badj) ajan aplikasyon lalwa yo..
5. Mande ajan aplikasyon lalwa yo pou yo pèmèt moun ki deziyen kòm kontak la egzamine nenpòt manda oswa lòt dokimantasyon.
6. Egzamine dokiman yo pou w detèmine si ajan aplikasyon lalwa yo gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab.
 - a. Si ajan aplikasyon lalwa sivil yo gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab ki otorize yon arestasyon, yon pèkizasyon (fouy), oswa tou de ansanm, moun ki deziyen kòm kontak la dwe enfòme ajan aplikasyon lalwa yo ke yo ka antre nan Lokal EEC a; sepandan, moun ki deziyen kòm kontak la dwe mande, lè sa posib, pou ajan aplikasyon lalwa sivil yo evite zòn kote rezidan yo prezante.
 - b. Si ajan aplikasyon lalwa yo pa gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab, oswa si yo gen sèlman yon manda administratif, moun ki deziyen kòm kontak la dwe enfòme yo ke yo pa gen otorizasyon pou yo antre nan Lokal EEC a ni pou yo fè yon arestasyon sivil nan Lokal la, epi li dwe mande yo pou yo ale.

7. Si ajan aplikasyon lalwa yo decide antreprann yon arestasyon sivil nan lokal pwogram nan an vyolasyon lwa PROTECT Act la, pèsonn pa dwe chèche opoze ak yo fizikman; olye sa , anplwaye ki sou plas yo dwe dokimante entèraksyon an, jan sa detay anba a.

Anplwaye pwogram yo, ak moun ki deziyen kòm kontak la, pa dwe:

- Anpeche oswa entèfere fizikman ak yon ajan aplikasyon lalwa;
- detwi, kache, modifye, oswa falsifye dokiman;
- Founi enfòmasyon ki fo ak tout konesans ou;
- Konsèye yon lòt moun pou l chape anba yon arestasyon ki legal;
- Siyen dokiman nan non pwogram nan si yo pa ba w otorizasyon pou fè sa; oswa
- Bay okenn moun aksè oswa enfòmasyon ki sekre volontèman si sa kont lalwa federal, lalwa leta, oswa regleman EEC yo.

Si gen yon menas iminan pou sekirite yon rezidan, yon manm pèsonèl la, yon manm fanmi, oswa nenpòt lòt moun, pèsonèl pwogram nan pa dwe ezite rele 9-1-1 pou mande asistans.

Pwosedi pou Dokimante Tout Entèraksyon ak Ofisye Fòs an Lòd k ap Fè Aplikasyon Lwa Sivil

Chak manm nan pèsonèl pwogram nan ki enplike nan entèraksyon an dwe dokimante tout entèraksyon yo, y konprann demann pou enfòmasyon yo, ak ajan aplikasyon lalwa sivil yo kou sa posib epi depi yo santi yo an sekirite pou yo fè sa. Dokimantasyon an dwe konsève nan yon kote ki an sekirite epi li dwe pataje sèlman jan lalwa pèmèt epi egziye sa.

Dokimantasyon an dwe gen ladan l, nan mezi sa yo konnen:

- Dat ak lè egzak ajan yo te vini nan lokal la oswa lè yo te mande ranseyman yo;
- Non ak nimewo badj ajan yo, ansanm ak ajans yo reprezante a;
- Nimewo machin yo ak nimewo matrikil (plak) yo, si yo parèt aklè;;
- Non temwen yo, rezidan yo, oswa lòt manm nan pèsonèl la ki te enplike yo;
- Etap ki te franchi pou prevni moun yo dwe kontakte a ak/oswa avoka a, dapre ka a;
- Aksyon ajan aplikasyon lalwa yo te poze, enkli tou si ajan yo te respekte enstriksyon yo te ba yo yo;
- Si ajan aplikasyon lalwa yo te gen yon Manda Jidisyè oswa yon Lòd Jidisyè ki valab, oswa yon lòt dokiman legal;
- Si yo te fè yon arestasyon sivil nan lokal la; epi
- Enpak sou nenpòt rezidan/anplwaye/pèsonèl (apre yo fin jere tout pwoblèm ijan yo) ak tout aksyon swivi ki nesesè pou ba yo sipò.

Moun ki prezan yo, anplwaye ak pèsonèl la, ka filme entèraksyon an aklè (pa an kachèt), men yo pa dwe jennen ni anpeche travay la fèt.

Avètisman sou Entèraksyon ak Ofisye Fòs Lòd k ap Fè Aplike Lwa Sivil

Si fòs an lòd yo ap eseye jwenn oswa yo ap chèche enfòmasyon sou yon timoun ki minè, pwogram nan dwe notifiye paran oswa gadyen legal timoun nan imedyatman.

Anplwaye pwogram nan dwe swiv pwosedi estanda yo pou tout lòt ka, sa ki gen ladan voye avi bay fanmi yo, EEC, ak lòt ajans ki enpòtan.

Pwogram nan ka depoze tou yon Plent pou Dwa Sivil nan Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts: <https://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint>

Anèks B: Egzanp Dokimantasyon pou Entèraksyon ak Fòs an Lòd k ap Fè Aplikasyon Lwa Sivil

Dat: _____

Lè: _____

Pwogram/Sit: _____

Non Ofisye a: _____

Badj/Nimewo Idantifikasyon: _____

Ajans: _____

Sipèvizè/Enfòmasyon pou kontakte: _____

Rezon ajan bay la :

Moun, dosye, oswa demand yo fè a:

Papye oswa dokiman moun nan te montre a:

- ☐ Manda jidisyè
- ☐ Òdonans jidisyè
- ☐ Yon konvokasyon devan lajistis
- ☐ Manda administratif imigrasyon
- ☐ Lòd / Demann detansyon imigrasyon
- ☐ Lòt: _____
- ☐ Yo pa montre okenn dokiman

Moun pou kontakte ki deziyen an te jwenn avi a: ☐ Wi ☐ Non

Konsèy legal kontakte: ☐ Wi ☐ Non

Repons program nan :

Enfòmasyon oswa dosye yo divilge, si genyen:

Nenpòt arestasyon/detansyon oswa lòt aksyon aplikasyon lwa:

Enpak sou timoun yo / operasyon pwogram nan:

Nenpòt lòt obsèvasyon:

Moun ki fè rapò a: _____

Dat konplè: _____

Anèks C: Modèl Avi pou Fanmi yo ak Pèsonèl la konsènan Prezans Konfime Ofisye Fòs Lòd k ap Fè Aplike Lwa Sivil nan Lokal yon Founisè EEC

Chè _____:

N ap ekri pou enfòmasyon ajans aplikasyon lwa sivil yo, pi presizeman [METE NON AJANS LA SI DISPONIB], te prezante nan [FOUNISÈ/KOTE] nan dat [DAT].

Dapre Lwa [PROTECT Act](#) ki te siyen an 5 Out 2026, Kounye a, gen yon lwa nan Massachusetts ki entèdi fè arestasyon sivil nan kad aplikasyon lwa sivil—sa ki gen ladan l aplikasyon lwa federal sou imigrasyon—nan lokal pwogram ki gen lisans oswa finansman nan men EEC, pandan lè nòmal aktivite yo, lè moun ap depoze oswa vin chèche timoun, ak pandan evènman pwogram nan òganize.

Nou gen pwosedi ak règleman klè ki an plas pou swiv Lwa PROTECT la.

Si w ap chèche asistans legal adisyonèl oswa enfòmasyon, tanpri itilize resous ki anba yo.

Pou èd legal jeneral konsènan kesyon sa a, tanpri jwenn asistans legal isit la:

- [Paj Akèy | Rechèch Resous Legal Massachusetts](#)

Pou asistans legal konsènan pwoblèm imigrasyon, tanpri jwenn asistans legal isit la:

- [Fon pou Reprèzantasyon Legal \(LRF\)](#) – Pou moun ICE fèk detni yo.
 - Liy Dirèk pou Moun yo Detni/Arete: (617) 637-8195
 - Liy Dirèk pou Fanmi & Zanmi: (617) 396-7143
- [Inisyativ Aksè a Avoka Massachusetts \(MACI\)](#) – pou moun k ap fè fas a depòtasyon kounye a nan pwosedi tribinal imigrasyon.
 - Depistaj/pou bay plis detay: (508) 505-4588
- Liy Èd pou Imigrasyon MIRA
 - www.miracoalition.org/news/immigration-helpline
- Rechèch Avoka Imigrasyon nan tout peyi a
 - www.aialawyer.com

Anèks D: Modèl Avi pou Paran ak responsab Legal yo konsènan Demann Espesifik nan men Ofisye Fòs Lòd k ap Fè Aplike Lwa Sivil

Dear _____:

Kòm paran oswa responsab legal _____, imèl sa a se pou enfòmasyon w ke ajans ki fè aplikasyon lwa sivil yo, pi presizeman [METE NON AJANS LA SI DISPONIB] t ap [eseye jwenn pitit ou a OSWA te chèche enfòmasyon espesifik sou pitit ou a].

Ou ka kontakte [MOUN POU KONTAKTE A] nan [PWOGRAM NAN] si w gen nenpòt kesyon sou ankèt sa a, men tanpri sonje ke pwogram nou an ka pa gen plis enfòmasyon pase sa ki deja bay pi wo a.

Pou èd legal jeneral konsènan kesyon sa a, tanpri jwenn asistans legal isit la:

- [Paj Akèy | Rechèchè Resous Legal Massachusetts](#)

Pou asistans legal konsènan pwoblèm imigrasyon, tanpri jwenn asistans legal isit la:

- [Fon pou Reprèzantasyon Legal \(LRF\)](#) – Pou moun ICE fèk detni yo.
 - o Liy Dirèk pou Moun yo Detni/Arete: (617) 637-8195
 - o Liy Dirèk pou Fanmi & Zanmi: (617) 396-7143
- [Inisyativ Aksè a Avoka nan Massachusetts \(MACI\)](#) pou moun k ap fè fas a depòtasyon kounye a nan pwosedi tribinal imigrasyon.
 - o Depistaj/Plis detay: 508-505-4588
- Liy Èd pou Imigrasyon MIRA
 - o www.miracoalition.org/news/immigration-helpline
- Rechèch Avoka Imigrasyon nan tout peyi a
 - o www.ailalawyer.com

Anèks E: Atestasyon sou Konfòmite ak Lwa PROTECT

Mwen sètifye ke mwen li epi mwen konprann kondisyon ki nan Lwa PROTECT Massachusetts, Stat. 2026, c. 163 §§ 1-24.

Mwen rekonèt tou ke mwen te revize epi mwen konprann kondisyon EEC pou pwogram ki gen lisans ak ki finanse pou konfòme yo ak Lwa Protect la jan sa detaye nan Règleman Depatman Edikasyon Pèmanan ak Swen Timoun Massachusetts sou Entèraksyon ak Aplikasyon Lwa Sivil.

☐ Mwen dakò pou aplike epi respekte Règleman Modèl Lwa Protect EEC; oswa

☐ Mwen gen yon règleman ekivalan ki satisfè kondisyon Lwa PROTECT la;

Mwen dakò pou televèse dokiman règleman ki nesèsè yo nan Sistèm Lisans LEAD EEC la.

Mwen sètifye ke deklarasyon ki anwo yo veridik e egzak. Mwen konprann ke yo fè atestasyon sa a anba doulè ak penalite fo temwayaj.

Non Pwogram lan: _____

Moun ki gen lisans lan (Non an lèt detache): _____

Siyati: _____

Dat: _____